



Dat limit pou aplike pou nenpòt nan pwogram pou Ane Fiskal 2023-2024 se 27 Jen 2024.

Dat limit pou aplike pou nenpòt nan pwogram pou Ane Fiskal 2024-2025 se 26 jan 2025.

AJANS REDEVELOPMAN KOMINOTE HALLANDALE BEACH PWOGRAM ENSANTIV POU DEVLOPMAN EKONOMIK

A pwopo de Pwogram lan

Gòl pwogram sa se pou akselere atraksyon gwo biznis nan Ajans Redevlopman Kominote Hallandale Beach. Yon lòt objektif se diminye risk pou yo devlope/konstwi espas komèsyal spéculatif nan HBCRA.

Pwogram Kach Dirèk/Kreyasyon Djòb. Ensantiv Kach Dirèk/Kreyasyon Djòb se yon pwogram ensantiv ke sèlman HBCRA peye. A travè pwogram sa, HBCRA bay kash direk jiska \$2,000 pa Djòb ki kreye, jiska maksimòm de \$200,000, a konpayi ki relokalize oubyen agrandi nan HBCRA.

Endistri ke Nou Sible ki Kalifye (QTI) Ensantiv pou Retou Taks. Pwogram Ensantiv Ranbousman QTI a se yon pwogram ranbousman taks kote konpayi ki elijib yo ka resevwa ranbousman taks yo peye Eta Florid sou revni antrepriz, lavant, ak prim asirans, ansanm ak kèk lòt taks yo peye Eta Florid. Eta Florid bay 80% nan ensantiv total yo peye konpayi an. 20% ki rete a dwe finanse lokalman. Korespondans lokal 20% kapab genyen kontribisyon Broward County ak minisipalite/HBCRA nan Broward County kote pwojè a ap lokalize. Montan peman pwogram ensantiv lan pou chak nouvo travay ki kreye se a pati de peman anyèl salè. HBCRA kapab peye tout 20% finansman lokal la tou.

1. 115% mwayèn salè anyèl Konte a - \$3,000
2. 150% mwayèn salè anyèl Konte a - \$4,000
3. 200% mwayèn salè anyèl Konte a - \$5,000

Gen lòt ensantiv bonis adisyonèl ki disponib anba Pwogram Ensantiv Ranbousman QTI ki se:

1. Bonis Gwo-Enpak. Konpayi ki ranpli kondisyon elijiblite yo pou Pwogram Ensantiv Ranbousman QTI e ki opere nan sèten sektè endistri ki gen gwo enpak jan Eta Florid detèmine dapre Seksyon 288.108, Lwa Laflorid yo, ka elijib pou yon ranbousman adisyonèl jiska \$2,000 pou chak nouvo travay yo kreye.

2.Bonis Brownfield. Konpayi ki ranpli kondisyon elijiblite pou Pwogram Ensantiv Rambousman QTI e ki sitiye nan zòn Brownfield HBCRA deziyen yo ka elijib pou yon rambousman adisyonèl jiska \$2,500 pou chak novo travay ke yo kreye.

3.Bonis Zòn Antrepriz Konpayi ki ranpli kondisyon elijiblite yo pou Pwogram Ensantiv Rambousman QTI epi ki sitiye nan yon Zòn HUB ka elijib pou yon rambousman adisyonèl jiska \$2,000 pou chak novo travay ke yo kreye.

Eta Altènativ oubyen Pwogram Finansman Lokal Federal. HBCRA gendwa chwazi pou'l bay lajan ki finanse lokalman kòm pati de ensantiv jeneral pou kreye djòb pou konpayi kap kòmanse, demenaje, oubyen agrandi nan Hallandale Beach. Konpayi an ta oblige satisfè tout kritè ki fèt nan nenpòt novo pwogram ensantiv Eta oubyen Federal.

Ankourajman Ekonomik Demand pou ankourajman ekonomik tankou amelyorasyon enstalasyon piblik yo ak pèmi fasilité yo dwe dekri alekri e yo dwe soumèt bay HBCRA pou konsiderasyon. HBCRA ka fè yon Analiz Revni Taks/Konbyen bagay koute ankourajman yo mande pou detèmine enpak ekonomik HBCRA a. Direktè Egzekitif la ka mande Greater Fort Lauderdale Alliance ("Alyans lan" oubyen lòt òganizasyon deziyen) enfòmasyon adisyonèl pou enkli nan analiz la.

Aplikasyon pou pwogram sibvansyon sa a se pa yon garanti finansman. Finansman HBCRA pou okenn pwojè pa yon bagay ke yo dwe'w e li baze sou objektif Ajans lan ak disponibilite finansman. Finansman se nan sèl diskresyon Konsèy HBCRA a

Diskalifikasyon Otomatik yo

- Aplikan an te déjà pa respekte nenpòt akò sibvansyon anvan oubyen lòt akò ak HBCRA ak/oswa Vil la.
- Yo te anile yon sibvansyon anvan yo te bay aplikan an.
- Aktyèlman aplikan an se yon pati nan litij kont HBCRA ak/oubyen Vil la oubyen li te menase litij kont HBCRA ak/oubyen Vil la.
- Nenpòt travay ki fèt anvan apwobasyon Konsèy HBCRA a pa kalifye.
- Òganizasyon relije oubyen sit k ap itilize pou rezon relije p ap konsidere pou finansman sof si finansman an pap gen kòm efè prensipal avanse oubyen anpeche reliyon.

Etap 1: Pwosesis Aplikasyon an

- a. Pran yon randevou ak Anplwaye HBCRA pou diskite sou pwojè potansyèl epi asire'w ke li satisfè entansyon Pwogram nan. Tanpri rele (954)457-2228.
- b. Soumèt yon aplikasyon ki ranpli ak yon chèk \$250.00 ki peye bay City of Hallandale Beach Community Redevelopment Agency pou revizyon. Aplikasyon ki pa konplè yo pap konsidere pou finansman jiskaske HBCRA resevwa yon aplikasyon konplè ak tout dokiman sipò yo. Aplikasyon yo dwe siyen pa mèt pwopriyete ki sou rekò yo; lokatè yo ak/oubyen lòt okipan yo pa elijib pou yo patisipe nan Pwogram lan e yo pa gen dwa pou yo ranplio yon aplikasyon pou pwopriyetè a o mwens ke li otorize, an ekir, pa mèt pwopriyete an.

- c. HBCRA pral konplete revizyon aplikasyon an nan lespas 30 jou ouvrab apre li resevwa'l epi fè Aplikan yo konnen nenpòt enfòmasyon ki manke oubyen defisyans an tèm de kalifikasyon pou Pwogram nan.
- d. Lè yo detèmine si'w konplè ak elijiblite, Anplwaye HBCRA pral mete Aplikasyon an sou pwochen ajanda Komisyon Konsèy HBCRA ki disponib pou'l konsidere. Konsèy HBCRA a rankontre nan 3 yèm Lendi nan mwa nan Chanb Komisyon Vil lan.
- e. Aplikan ki pa apwouye yo ka aplike ankò ak modifikasyon. Yon Akò Sibvansyon Pwogram ki konplètman egzekite ak aksepte ant HBCRA ak Aplikan an, ansanm ak Deklarasyon Alyans Restriksyon yo, dwe egzekite nan 30 jou apre apwobasyon Komisyon Konsèy HBCRA la epi li pral sèvi kòm yon Avi pou Pwosede.
- f. Pwojè a dwe fini nan sis mwa apre ekzekisyon Akò Pwogram nan.
- g. Si gen reta nan pwojè a, se nan diskresyon Direktè Egzekitif HBCRA a pou l bay pa plis pase yon ekstansyon sis mwa nan Akò a anvan ekspirasyon li. Ekstansyon yo pap konsidere yon fwa Akò a ekspire.
- h. Aplikasyon pou pwogram sibvansyon sa a se pa yon garanti finansman. Finansman se nan sèl diskresyon Konsèy HBCRA a.
- i. Aplikan yo dwe soumèt yon aplikasyon orijinal, "kopi sou papye" ak kopi elektwonik ak tout materyèl sipò yo bay HBCRA pou revize ak apwobasyon apre Konsèy HBCRA a. Aplikasyon yo pral konsidere kòm premye vini, premye sèvi.
- j. HBCRA rekòmande pou Aplikan yo patisipe nan reyinyon Konsèy HBCRA la, pandan sa Komisyon Konsèy la pral konsidere aplikasyon yo pou l reponn nenpòt kesyon Konsèy HBCRA kapab genyen konsènan aplikasyon yo. Anplwaye HBCRA pral fè Aplikan an konnen apwobasyon oubyen refi Komisyon Konsèy la alekri.

Etap 2: Konstriksyon/Peman & Vizit Sit pou HBCRA:

- a. Akò ant HBCRA ak Aplikan. HBCRA pap fè peman dirèkteman bay kontraktè a.
- b. HBCRA pral debouse lajan yon fwa Aplikan yo fin peye korespondans yo. Apa de nenpòt depo inisyal, HBCRA pral debouse fon nan 50% nan fini pwojè a ak 100% nan fini pwojè a.
- c. Aplikan yo dwe bay yon divilgasyon nan men kontraktè yo an konsiderasyon peman final la.
- d. Yon manm pèsonèl HBCRA pral vizite pwopriyete a epi pran foto pwojè fini an. Depi Vil Hallandale Beach ak/oubyen HBCRA te enspekte ak apwouye pwojè a, y ap bay yon chèk nan non Aplikan an.
- e. Anplwaye HBCRA ka fè vizit san yo pa ananse anvan, pandan, ak apre pwojè a pou detèmine epi asire konfòmite ak kondisyon ki nan akò sibvansyon an.

TANPRI LI SA KI PA ANBA AVAN KE OU SOUMÈT APLIKASYON

- Aplikasyon an dwe genyen **tout** atik sa yo: Foto kondisyon aktyèl sit la ak estrikti; rann achitekti amelyorasyon fasad yo pwopoze nan koulè; yon deskripsyon detaye sou tout amelyorasyon pwopoze ak yon estimasyon pri, ak yon Flash Drive oubyen lòt aparèy elektwonik ki gen kopi tout dokiman obligatwa yo. Si nenpòt eleman nan pwojè a gen rapò ak pavaj, kloti, jadinaj, elatriye, yon sondaj ki montre kote travay la dwe obligatwa.

- Pwopriyetè pwopriyete ki pou vann pa ka aplike pou finansman sibvansyon. Pwopriyete ki vann nan vennkat mwa apre ou resevwa finansman sibvansyon an **dwe repeye tout montan sibvansyon an**.
- Apre Komisyon Konsèy HBCRA a apwouve, HBCRA pral bay Aplikan an yon Akò Sibvansyon ak Deklarasyon Kontra Restriksyon ki apwouve pou l siyati. Pwopriyetè pwopriyete a pa dwe kòmanse konstriksyon (Sibvansyon yo pa kapab aplike retwoaktif pou travay ki te fini dej) jiskaske tout pati yo siyen Akò Sibvansyon an ak Deklarasyon Alyans Restriksyon yo epi yo pa anrejistre Deklarasyon an nan dosye piblik Broward County. Amelyorasyon ki fèt anvan apwobasyon Konsèy HBCRA a p ap elijib pou ranbousman.
- Si li konsidere sa nesesè, HBCRA rezève dwa pou yon twazyèm pati deyò evalye ak analize aplikasyon an ak sa ki ladan'l, ki gen ladan men pa sèlman plan biznis yo pwopoze a, enfòmasyon patenarya/pwopriyetè ak pozisyon ekite, ipotèk sou pwopriyete a, akò lokasyon, lèt Entansyon ki soti nan enstitisyon prete a ak nenpòt lòt dokiman Aplikan an bay.
- Si plan sit ou oswa demann aplikasyon w lan gen ladann amenajman, jaden an dwe konpoze de espès ak varyete plant natif natal ki toleran sechrès, ki mande ti irigasyon, epi ki reziste kondisyon anviwònman Hallandale Beach. Sistèm irigasyon yo dwe anpeche overspray ak fatra dlo, epi li rekòmande yo enstale yon sistèm irigasyon degoute.
- Pwopriyete yo dwe amelyore pa dwe gen okenn taks ad valorem delenkan, yo pa dwe pa gen okenn privilèj minisipal ak konte, jijman, ak nenpòt kalite. Konsèy HBCRA a kapab anile dispozisyon sa a si plan devlopman pou pwopriyete a satisfè gòl ak objektif jan HBCRA tabli. Sou apwobasyon sibvansyon an, pwopriyete a dwe rete gratis nan tout privilèj minisipal ak konte, jijman, oubyen chaj nenpòt kalite dapre kondisyon ki nan akò a.

SOUMISYON YON APLIKASYON SE PA YON GARANTI FINANSMAN

Se responsabilite aplikan an pou li AK KONPRANN tout aspè Règ/Kondisyon ak Aplikasyon Pwogram Sibvansyon an. AVI A TIÈS PARTI: Pwogram aplikasyon sibvansyon an pa kreye okenn dwa pou okenn pati, enkli pati ki te fè travay sou pwojè a. Emisyon yon sibvansyon pa pral lakòz okenn obligasyon HBCRA anvè okenn twazyèm pati. HBCRA pa oblige verifye si antite ki te fè kontra avèk Aplikan an te peye totalman oubyen si antite sa yo te peye nenpòt ki soutretan yo nèt. Garanti aplikan an ke tout bòdwo ki gen rapò ak Pwojè ke Aplikan an responsab dirèkteman se ase asirans pou HBCRA bay finansman sibvansyon.

Mwen te li nèt epi mwen konprann egzijans pwogram yo, enkli direktiv aplikasyon yo ak pwosesis ranbousman sibvansyon yo.

Siyati

Dat _____

Non'w Ekri and Tit ou

Inisyal _____

AJANS REDEVLOPMAN KOMINOTE HALLANDALE BEACH

APLIKASYON PWOGGRAM POU ENSANTIV DEVLOPMAN EKONOMIK

Dat Aplikasyon an_____

1. Adrès Propryete: _____

2. Non Aplikan: _____

3. Adrès Aplikan: _____

Telefòn: () _____ Faks: () _____

Imèl: _____

4. Eske Aplikan posede pwopriyete an? _____ Wi _____ Non

5. Endike antite pwopriyetè pwopriyete a (sa vle di non sou tit pwopriyete a)

6. Deskripsiyon Pwojè: _____

7. Pri Total Pwojè _____ **Rekèt Finansman Total** _____

Reprezantan otorize (Pwopriyetè oubyen Ajan):

Siyati

Dat

Non'w Ekri and Tit ou

*Si yon ajan otorize siyen aplikasyon an, tanpri bay prèv atravè yon lèt notarye, atik enkòporasyon oubyen yon lòt fòm akseptab pou konseye legal HBCRA.



APLIKASYON CBGP

Inisyal _____

954.457.2228 | COHBCRA.ORG

LIS POU CHEKE POU PWOGGRAM ENSANTIV POU DEVLOPMAN EKONOMIK

- Yon (1) kopi papye ak yon (1) kopi elektwonik aplikasyon ki ranpli a ak yon chèk pou \$250.00 ki peye bay City of Hallandale Beach CRA.
- Foto kondisyon aktyèl sit la ak estrikti yo.
- Dessen Achitekti de fasad amelyorasyon pwopoze an koulè.
- Yon deskripsyon detaye sou tout amelyorasyon pwopoze ak twa (3) sitasyon ki soti nan yon kontraktè ki gen lisans.
- Si nenpòt eleman nan pwojè a gen rapò ak pavaj, kloti, jaden, elatriye, yon sondaj ki montre kote travay la nesesè tou.
- Aplikan an rekonèt ke pwopriyete yo pral amelyore pa gen okenn taks ad valorem delenkan epi li pa gen okenn privilèj minisipal ak konte a, jjiman ak chaj nenpòt kalite.
- Aplikan an rekonèt ke pwopriyete yo vann nan vennkat mwa apre yo fin resevwa sibvansyon an dwe remèt tout kantite lajan sibvansyon an e ke HBCRA pral anrejstre yon **lyen** kont pwopriyete a pou garanti dwa a. nan ranbousman.
- Yon chèk peman anile bay kontraktè/GC (30%). HBCRA dwe resevwa prèv de peman de 30% lan a travè yon chèk ki anile nan kenz (15) jou de kòmansman pwojè an (anvan premye peman de sibvansyon an)
- Ni Aplikasyon pou Pwogram Sibvansyon pou Amelyorasyon Komèsyal la CRA ak Akò Pwogram lan dwe siyen.
- Orè preliminè pou fini amelyorasyon yo
- Kopi lèt Ajan Otorize (oubyen lòt dokiman) si Aplikan pa pwopriyetè a
- Kopi resi Taks Biznans
- Komplete Fòm W-9 pou peye
- Kopi de lisans ak fòm asirans responsabiïte pou kontraktè ke ou chwazi an.
- Kopi asirans pwopriyete pou biznis oubyen bilding.

REVIZE SEPTANB 2023